

## Chè Paran/responsab

Objektif lèt sa a se pou enfòmè paran yo sou pwogram Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la mete sou pye pou satisfè bezwen elèv nou yo ki plis gen kapasite yo. Elèv sa yo demontre yon seri kalite akademik ak karaktetistik pozitif ki parèt abityèlman nan elèv ki entelijan anpil yo. Kèk nan karakteristik sa yo se yon vokabilè ki rich anpil, enterese nan tout bagay, ak yon nivo kiryozi ki pi elve pase pa lòt elèv regilye yo. Elèv yo konsidere kòm elèv entelijan anpil yo souvan manifeste yon enterè pasyone pou aprann epi devlope yon konesans akademik pandan yo tou piti.

Leta Florid tabli kritè kalifikasyon pou sèvis edikasyon elèv entelijan anpil yo. Kèk nan kalifikasyon sa yo egzije pou elèv la genyen yon nivo entèlektyèl siperyè ki evalye ak de (2) devyasyon nòmal oubyen plis kòm nòt sou mwayèn yon tès ofisyèl pou entelijans endividyèl yo bay elèv la, pou demontre li toujou genyen karakteristik yon timoun ki entelijan anpil, epi li gen bezwen pou pwogram edikasyon espesyal la anplis pwogram edikasyon nòmal la. Yo dokimante bezwen yon elèv genyen pou sèvis pwogram elèv entelijan anpil yo nan rezilta tès li pran ak nan enfòmasyon yo genyen sou pèfòmans li tankou kanè ak devwa li. Se komite k ap etidye plan ansèyman nan lekòl pitit ou a k ap revise dokiman sa a pou konnen elèv ki kalifye yo.

Majorite elèv entelijan anpil yo ki nan nivo elemantè ale nan youn pami sèz sant pwogram avanse ki fonksyone apen tan epi ki lokalize estratejikman atravè Rejyon an. Anplis sant sa yo, gen plizyè lòt lekòl ki ofri pwogram avanse yo amwatye tan. Gen yon lis lekòl ki ofri pwogram avanse nan do lèt sa a.

Gen lekòl mwayen nan Distri a, sa depan kapasite ekonomik ak orè yo, ki ofri youn pami kat kou prensipal pou elèv entelijan anpil yo. Lekòl segondè yo ofri kou pou elèv entelijan anpil, opsyon pwomosyon, ak klas avanse pou elèv ki gen abilite avanse.

Anplis, elèv lekòl mwayen yo kapab seleksyone youn pami plizyè chwa lekòl espesyalizasyon nan Teknoloji Syans-Matematik, Atizana viyèl ak pèfòmans, epi pwogram Bakaloreya entènasyonal, elatriye. Lekòl segondè espesyalizasyon yo genyen pwogram Bakaloreya entènasyonal, Jeni nan Syans-Matematik, preparasyon pou Medsin, preparasyon pou Dwa, ak akademi pou prepare pwofesè. Admisyon nan lekòl espesyalizasyon yo mande pou ranpli yon aplikasyon ou kapab jwenn nan biwo pwogram espesyalizasyon an ki lokalize nan *Room C-124 Fulton-Holland Educational Services Center*, telefòn (561) 434-8755.

Si ou genyen kesyon konsènan kritè kalifikasyon pou pwogram avanse a ak pwogram ochwa ki disponib pou elèv entelijan anpil yo oubyen si ou enterese teste pitit ou a pou pwogram avanse yo, ou kapab kontakte responsab nan lekòl pitit ou a nan pwogram pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal. Si ou genyen kesyon jeneral konsènan pwogram avanse nan rejyon Palm Beach la, ou kapab kontakte yon responsab nan departman edikasyon pwogram avanse yo nan youn pami nimewo suivan yo: (561) 963-3881, 434-8369 oubyen 434-7334.

Sensèman,

Laura Pincus, Director  
Exceptional Student Education